

---

# M ap reflechi pou wè si mwen pa ta chwazi Swen Ospis: Yon Gid Diskisyon pou Fanmi yo

---

## Kisa ou ta renmen?

Si ou te ka kontwole dènye mwa lavi ou, kisa ou ta renmen? Pifò moun pami nou vle pou yo pa oblije resevwa tretman ki pa fè nou santi pi byen epi ki gendwa fè nou santi pi mal. Nou ta vle, pou nou byen konfòtab, nan yon anviwònman nou konnen byen tankou lakay nou avèk moun nou renmen, anmenmtan n ap resevwa pibon swen ki disponib. Nou ta vle pou moun'n trete nou ak konpasyon ,ak diyite. Nou ta vle pou fanmi nou pa oblije sipòte okenn estrès, pou nou ka pase tan ansanm, pandan n ap sonje bèl moman, epi n ap pale youn ak lòt.

Ospis fè sa posib.

Menmsi nou pa kapab kontwole lè lanmò nou, swen ospis, yo konn rele l tou swen palyatif, bannou kontwòl sou fason yo okipe nou, vè lafen lavi nou epi ki kote nou chwazi pou nou ye. Se yon santiman fantastik lè ou wè ou gen opsyon vè lafen lavi ou, pou ou kapab pran pwòp desizyon ou yo, pou konnen yo pral respekte volonte ou. Epiou, etid yo montre swen ospis yo bay bonè, kapab amelyore kalite—ak kantite—lavi: Nan yon etid, pasyan yo ki te chwazi swen ospis te viv anmwayèn 29 jou anplis pase pasyan menm tip ki pa t chwazi ospis.<sup>1</sup>

VITAS® Healthcare bay gid diskisyon sa a pou ede oumenm ak moun ou renmen yo pran bonjan desizyon ki baze sou enfòmasyon solid konsènan swen yo bay lè lavi yon moun prèske fini. Gid sa a se pou ede fanmi ou kapab tonbe dakò yon fason ki benefisye tout moun epi ki respekte volonte moun ki vle viv dènye mwa ak semèn lavi yo nan konfò, ak lapè ak diyite.

Si ou vle fè tout sa ki posib pou fè chwa sa a vin pi fasil pou moun ou renmen yo, konsidere swen ospis.

## Kisa ospis ye?

Ospis se pa yon kote. Ospis se swen ki konfòte ak sipòte pasyan ak fanmi yo lè yon maladi ki pral tiye moun lan, pa reyaji ankò ak tretman ki eseye fè pasyan an refè. Yo kapab bay ospis nenpòt ki kote yon moun deside ki lakay li. Se yon domèn medikal ki soulaje sentòm, men'l pa trete kòz yon malady ki mòtèl, pou moun k ap viv dènye mwa, semèn oswa jou lavi yo. Objektif la se pa pou geri, men se pou kapab jwi de tan ki rete moun lan.

Se yon kokennchenn ekip pwofesyonèl ki fòme espesyalman pou swen moun ki pral mouri ki bay swen ospis. Yon kontwole doulè ak malèz pasyan an. Yo ede tout fanmi an jere aspè emosyonèl, sosyal ak espirityèl lanmò ak fen lavi.

## Kimoun ki peye pou ospis?

Yo ranbouse tout òganizasyon ospis menmjan, kidonk yo pa an konpetisyon sou labaz pri. Se kalite sèvis lan, ak seri chwa yo ki diferansye ospis yo youn pa rapò ak lòt. Yo gendwa peye swen ospis nan divès fason. Anba la a w ap jwenn tip pwoteksyon yo konn bay pi souvan yo.

**Medicare**—Si yon gen yon maladi mòtèl epi li se yon benefisyè Medicare opre yon founisè ospis Medicare akredite, 100 pousan sèvis ospis yo garanti. Nan lane 2010, 83.8 pousan pasyan ospis te gen pwoteksyon anba règlemantasyon Medicare Hospice Benefit. 2 règlemantasyon Medicare deklare yo pa kapab refize bay moun swen ospis poutèt yo pa gen mwayen pou yo peye, Peman ospis yo apa de peman Medicare bay pou lòt maladi, pwoblèm sante oswa swen pasyan an gendwa ap resevwa.

**Medicaid**—Prèske tout Eta yo ansanm ak Distri Columbia ofri 100 pousan pwoteksyon pou ospis anba Medicaid (MediCal nan Eta California). Anjeneral, benefis ospis Medicare etabli an paralèl ak benefis Medicare lan, menmsi gendwa gen bagay ki diferan nan sèten Eta. Ospis ou chwazi an ap konnen ki règ ki anplas nan Eta ou an.

**Asirans prive**—Pifò plan asirans anplwayè ofri ansanm ak anpil plan swen administre ofri yon benefis ospis. Nan pifò ka yo, gen menm kalite pwoteksyon ak benefis Medicare lan, menmsi gendwa gen bagay ki diferan. Gade byen detay sou pwoteksyon ou oswa mande reprezantan asirans ou an.

**TRICARE**—TRICARE se pwogram benefis sante pou pèsònèl militè ak moun ki retirete. Ospis se yon benefis ki garanti nèt anba TRICARE. Se ospis Medicare akredite sèlman ki kapab ofri benefis ospis TRICARE, kidonk li enpòtan pou pasyan yo ak fanmi yo chwazi yon ajans ospis ki kalifye.

**Peman prive**—Si pwoteksyon asirans pa disponib oswa pa sifi, pasyan ak fanmi yo kapab diskite peman prive ak plan peman. Ospis ou chwazi an pral konnen ki opsyon peman ou genyen.

**Swen lacharite**—Ospis yo gen yon espesyalis finansye nan estaf yo pou reponn tout kesyon konsènan asistans finansyè ak kèlkeswa resous kominotè ki gendwa disponib. Pa gen okenn bezwen pou voye swen ospis pou pita akòz moun lan pa gen mwayen pou li peye.

## Konvèsasyon fanmi ou osijè ospis

Itilize enfòmasyon sa yo ansanm ak kòmantè konseye jiridik, espiritiyèl ak ospis medikal yo, pou ede w ansanm ak moun ou renmen yo kòmanse ak kontinye yon konvèsasyon osijè swen nan fen lavi ak ospis.

Li ta pi bon si konvèsasyon an kòmanse nan yon moman lè tout moun an sante. Pou kòmanse, di: “E si...?” Li ta pibon si manm fanmi a ta ka ranpli yon dokiman ki rele direktiv alavans\* epi pou yo diskite sa yo vle konsènan swen sante, si yo pa ka kominike yo menm. Yo diskite antèman, fineray oswa plan pou sèvis relijye\*. Konvèsasyon yo gendwa kout epi kontinye pi devan, men yo dwe ekri desizyon yo sou yon fèy papye (menmsi yo gendwa chanje). Li ta pibon si diskisyon sa yo fè, ke tout fanmi an konnen ke yo te diskite pifò kesyon enpòtan yo epi pou tout moun gen enfòmasyon yo bezwen pou pran bonjan desizyon.

## Kimoun ki ta dwe patisipe?

Nan sityasyon ideyal ki dekri anlè a, chak moun pami nou ap patisipe nan pwosesis pou pran desizyon ki detèmine kijan nou vle, pou yo swen nou, vè lafen lavi nou, epi yo dwe ekri desizyon sa yo nan yon direktiv alavans. Sepandan, lareyalite diferan: yo gen tandans fè konvèsasyon sa yo lè pasyan an twò malad, oswa yo ba li sedatif epi li pa kapab patisipe ankò, epi se manm fanmi, moun k ap swen pasyan, oswa moun ki ranplase pasyan an pou pran desizyon, ansanm ak lòt moun toujou, ki dwe pran desizyon yo. Anba kondisyon sa yo, nou espere ke moun—konjwen, menaj, timoun adilt—ki pi pwòch pasyan an, kapab rive nan yon desizyon tout moun aksepte, an kowoperasyon ak ekip medikal la k ap bay swen pou ede pasyan an geri.

Desizyon ki si enpòtan sa yo bay moun anpil estrès emosyonèl, epi souvan yo kreye konfli. Lè se pa opinyon ak kwayans pèsonèl ki enpòtan men se enterè moun ou renmen an ki nan mitan deba a, ansanm ak valè li te genyen pandan tout vi li, sa gendwa ede resantre priyorite yo, epi mete tout moun kè poze.

Nan sèten Eta, se yon gadyen yon tribinal nonmen ki pran desizyon yo, lè pa gen direktiv alavans. Tcheke règlemantasyon Eta ou an.\*

## Kilè ak ki kote èske diskisyon an ta dwe rive?

An sipozan ke fanmi ou poko ap fè diskisyon sa a, yo ta dwe konsidere ospis touswit, depi sanble ke, pa gen opsyon medikal ankò epi/oswa pasyan an oswa fanmi a eksprime volonte yo pou yo sispann chèche yon fason pou geri pasyan an. Plis manm fanmi a ki gen enfluyans, epi ki pran desizyon yo kapab fè yon reyinyon bonè—kèlkeswa si se fas-a-fas, nan telefòn oswa nan Entènèt—se plis ospis lan pral efikas.

Li ta pi bon si reyinyon an ta estriktire, epi pou tout moun kontre apre yo fin jwenn tout enfòmasyon yo bezwen konsènan ospis—objektif, benefis, elatriye—alavans. Yo ta dwe òganize reyinyon an yon kote, ak yon lè lè pa gen anpil distraksyon.

\*Al gade wèbsayt ki sijere yo, ki liste sou paj 17, pou jwenn enfòmasyon anplis sou sijè a.

## Bagay ou ta dwe sonje

Kimoun ki pral patisipe nan reyinyon ospis fanmi ou an?

Èske pral gen konseye ak ki soti nan lot oganizasyon? Tankou Avoka, Dokte, Paste oubyen Pe Catholik ect...)

Èske tout patisipan yo te resevwa enfòmasyon alavans pou ede yo konprann sa ospis ye?

Kilè ak ki kote nou pral òganize reyinyon an?

## Sèt (7) sijè enpòtan pou nou diskite

### 1. Evalye si li nesèsè pou gen ospis

#### Kilè nou ta dwe konsidere ospis?

Youn nan difikilte pou manm fanmi ak moun ki bay swen ba moun ki prèske rive nan fen lavi li se pou konnen kilè moman an rive pou konsidere ospis. Lè n ap pran desizyon sa a, reflechi sou kesyon sila yo:

- Malgre bonjan swen medikal, èske eta sante ak sentòm moun ou renmen an sitèlman deteryore yo pa kapab kontwòle yo ankò yon fason ki apwopriye?
- Èske moun ou renmen te sibi plizyè ospitalizasyon, vizit nan depatman ijans oswa li te resevwa anpil lòt sèvis swen sante?
- Èske doktè ki responsab pasyan oswa oswa espesyalis la te di pa gen anyen yo kapab fè ankò pou ralanti oswa pou geri pwoblèm sante an?
- Èske moun ou renmen an te di efè segondè tretman medikamal yo plis pase benefis yo?

Doktè moun ou renmen an gendwa jwe yon wòl enpòtan pou detèmine, selon yon pwendvi medikal, si pasyan an pare klinikman pou ospis. Grasa divès kritè ak direktiv medikal—ki gendwa varye selon maladi espesifik la—doktè an kapab detèmine si ospis se yon bon chwa.

Sinon, gen yon lòt posibilite: oumenm ak moun ki malada la gendwa rele yon founisè ospis (VITAS) pou mande yon evalyasyon gratis pou wè si malad lan elijib pou ospis. Si pasyan an pare pou ospis, founisè ospis (VITAS) la kapab ede ou fè konvèsasyon sa a avèk doktè ou an.

### Kimoun ki kapab (gen dwa), oswa ki ta dwe pran desizyon ospis la?

Chwa ospis konsidere, se yon desizyon swen sante li ye; direktiv jiridik ki aplikab se menm direktiv yo ki bon pou kèlkeswa desizyon swen sante owa medikal. Si moun ki malad lan gen tout tèt li, epi li konpetan mantalman, li kapab pran desizyon an pou mande swen ospis—anjeneral apre li konsilte doktè, konseye oswa konseye espirityèl ak manm fanmi li yo.

\*Al gade wèbsayt ki sijere yo, ki liste sou paj 17, pou jwenn enfòmasyon anplis sou sijè a.

Si li pa konpetan mantalman oswa li pa kapab kominike fizikman, yon reprezantan swen sante\* (yo konn rele tou yon ranplasan pou swen sante oswa yon ajan swen sante) li te nonmen nan yon direktiv alavans ki rele yon pwokirasyon dirab pou swen sante\*. Si li te ranpli yon direktiv alavans, anjeneral fanmi an konnen kimoun li te nonmen reprezantan swen sante li.

Lè pa gen reprezantan swen sante, moun k ap bay pasyan an swen ak konseye medikal ta dwe chèche oryante yo selon sa ki make nan yon testaman biyolojik\* (living will), si gen youn. Si pa gen direktiv alavans, se yon gadyen tribinal la nonmen oswa paran pwòch ki ta dwe pran desizyon swen sante yo—anjeneral konjwen an anpremye, apre sa timoun adilt yo. Tcheke règlemantasyon Eta a oswa verifye opre yon asistant sosyal klinik ki akredite oubyen yon administratè dosye.

## Kisa ki rive lè ou rele yon ospis?

Lè yo fè yon referans opre yon ospis, ospis la pral rele pou deside si pasyan an pare pou fè yon randevou pou yo kapab evalye li. VITAS fè koutfil sa a 30 minit oplita, kèlkeswa lè a, lajounen oswa lannwit.

Yon manm ekip ospis kontre avèk fanmi ou, epi avèk moun ki malad la pou diskite kritè klinik, filozofi ospis la ak sèvis ki disponib ansanm ak atant ou yo. Nan konvèsasyon an, li pral abòde nivo doulè ak konfò, rezo moun k ap bay sipò, resous finansye ak asirans, bezwen nan medikaman ak ekipman. Si moun ki malad lan elijib pou ospis epi ou dakò, pasyan an gendwa antre nan swen ospis. (VITAS)

Apre sa, yon manm ekip ospis la pral kominike avèk doktè pèsonel moun ki malad lan, epi doktè ospis la pral diskite istwa medikal, sentòm moun ki malad lan genyen kounye an, ak konbyen tan estime pasyan an rete. Ekip ospis la pral devlope yon plan swen endividyalize ki etabli pou satisfè bezwen moun ki malad la ansanm ak fanmi ou an. Yo revize plan an regilyèman epi yo korije li selon eta sante moun ki malad lan.

### Bagay ou ta dwe sonje

Èske moun ki malad lan te nonmen yon reprezantan swen sante?

Kimoun li ye, epi ki pi bon fason pou kontakte li?

Èske gen yon testaman biyolojik, epi kisa ki make ladann?

Kijan moun k ap pran desizyon yo pral pwosede, si pa gen direktiv alavans epi moun ki malad la pa kapab eksprime volonte li?

## 2. Konprann sa ospis kapab fè ak sa li ta dwe fè

### Nivo swen

Divès ospis gendwa bay divès kalite sèvis, men gen kat (4) nivo swen Medicare/ Medicaid rekonèt kòm estanda nan

\*Al gade wèbsayt ki sijere yo, ki liste sou paj 17, pou jwenn enfòmasyon anplis sou sijè a.

sektè ospis. Ekip ospis la, apre konsiltasyon avèk doktè pèsonèl payan an deside ki nivo swen klinik ki satisfè pibyen bezwen moun ki malad la. Pasyan gendwa tranzisyone soti nan yon nivo swen rive nan yon lòt, si eta sante li chanje.

Epitou, ou ta dwe konnen menmsi moun ki malad lan ale “sou swen ospis”, li kapab “soti nan swen ospis” si eta sante li amelyore. Se pa yon desizyon ki irevèsib, epi pa gen limit nan kantite fwa yon pasyan kapab jwenn aksè nan swen ospis.

#### Gen kat (4) nivo swen:

- **Swen woutin lakay**—disponib nenpòt kote moun ki malad lan konsidere ki lakay li (rezidans prive, mezon retrèt, kominote pou lavi otonòm). Manm ekip ospis la ap vin wè moun ki malad la, anajeneral pou kont li selon entèval ki varye epi ki baze sou yon woutin plan swen an fikse. Se ka toulejou, 2 fwa pa semèn, chak semèn, elatriye, selon bezwen moun ki malad lan.
- **Intensive Comfort Care**®—nès ak asistan ospis bay swen sa yo nan kay selon peryòd sèvis ki gendwa dire jiska 24èdtan san rete pandan peryòd kriz ki kout. Nivo swen sa a ta ka apwopriye si, pa egzanp, bezwen medikal moun ki malad lan bezwen yon siveyans san rete lakay la, nan mezon retrèt la oswa nan kominote lavi otonòm.
- **Swen pou pasyan entèn**—yo bay nan yon inite/kabann pou pasyan ospis entèn nan yon etablisman swen sante espesyal pou yon peryòd tan ki kout lè yo pa kapab jere bezwen medikal moun ki malad lan lakay li.
- **Swen relèv**—yo ofri pasyan y ap swen lakay yon sekou kout nan yon anviwònman pasyan entèn pou bay manm fanmi yo ansanm ak lòt moun k ap bay swen yon ti repo, oswa lè yo dwe fè yon ti deplase.

## Kantite sèvis

Ki atant ou ta dwe genyen konsènan ospis? Sèvis ak resous yo gendwa varye enpe pou chak ospis, men anjeneral, ou ta dwe atann ou pou jwenn asistans yon ekip ekspè ki fò nan plizyè domèn lamedsin diferan. Anplis de jere doulè, pwofesyonèl ospis yo swen difikilte pou vale, respire, idratasyon, swen po, ajitasyon, enfeksyon ki tounen, depresyon, ankseyte, misk (Ko red) ki rèd, kominikasyon ak plis bagay toujou.

Ekip la ta dwe ede rezoud pwoblèm medikal, jesyon doulè ak keyson swen ansanm ak lòt difikilte ak emosyon yo resanti lè yon moun prèt pou mouri. Nès ospis yo ta dwe kapab edike moun k ap bay swen yo ansanm ak manm fanmi yo sou fason pou bay swen lè estaf ospis la pa la.

Ou gendwa pa bezwen oswa pa vle pou chak manm ekip la—chak pasyan ak chak fanmi deside, an kolaborasyon avèk nès ospis yo, ki kantite sipò ak ki kalite sipò yo vle—men ou dwe atann ou pou ekip ospis ou an gen omwen pwofesyonèl ki endike anba la yo:

- Doktè ospis ki fòme espesyalman nan swen ak rekonfò pasyan ki pral mouri, ki patisipe nan delvlopman plan swen, ki rekòmande mezi pou ogmante konfò epi ki travay tèt ansanm ak doktè pèsònèl pasyan an
- Nès akredite ki vin wè pasyan an regilyèman pou siveye eta sante li, bay swen ak rekonfò, plase kòmman pou medikaman ak ekipman medikal epi fè rapò ba doktè ospis la ak doktè pèsònèl pasyan an
- Asistan sosyal ki bay sipò emosyonèl epi ki ede fanmi an jwenn aksè nan resous finansyè ak kominotè ansanm ak nan planifikasyon pou fen lavi
- Asistan ospis ki kapab ede ou ak swen pèsònèl, ak ijyèn ansanm ak fè travo menaj lejè, yon ti lesiv ak achte manje detanzantan
- Omonye ki ofri sipò espirityèl ak emosyonèl epi ki kapab travay avèk reprezantan relijyon pasyan an
- Volontè nan kominote a ki ofri amitye li epi ki vin ede moun k ap bay pasyan an swen
- Espesyalis nan dèy ki ofri sipò pou moun ki gen gwo-gwo tristès ak chagren epi li òganize sèvis finerè ak gwoup sipò pou moun ki mouri yo pandan tout ane an.

## Bagay ou ta dwe sonje

Kisa nou imajine moun ki malad lan pral bezwen pi devan?

Ki pwoblèm medikal espesifik moun ki malad lan genyen?

Ki lòt bezwen yo dwe okipe tou?

Ki resous nou genyen pami nou tout ansanm la a pou ede moun ki malad lan?

Kilès pami pwofesyonèl ospis ki liste yo ki gendwa jwe yon wòl enpòtan nan swen nan fen lavi moun ki malad la ak pouki sa?

Èske ospis nou chwazi an gen estaf ki fòme espesyalman ki kapab satisfè bezwen nou yo?

## 3. Konsiderasyon espirityèl ak kiltirèl

Yo pa rezève swen espirityèl pou moun ki pa “relijye”. Moun ki gen tout kalite kwayans—oswa ki pa gen kwayans— ap jwenn bagay pozitif nan swen espirityèl ki baze sou lanmou epi ki san jijman. Pandan n ap rive nan lafen vi nou, nou mande ki sans vi nou te genyen epi kesyon sou kisa ki vini apre lanmò. Sa rive souvan pou moun vle okipe “zafè ki poko fini”.

Epitou gen tradisyon kiltirèl yo dwe konsidere. Moun ki gen bakgrawn, nasyonalite ak relijyon diferan gendwa gen preferans ak pratik espesyal konsènan jan yo swen moun ki malad yo anvan ak apre lanmò epi ki pratik dèy ki enpòtan.

Finalman, gen kesyondifisil, ki gen pou wè ak (etik) nan fen lavi fanmi, pasyan ak doktè yo dwe konfwonte— anreyalite, se tout sosyete a ki dwe abòde yo. Desizyon ki gen pou wè ak itilizasyon nitrisyon atifisyèl, idratasyon

nan entravenèz (IV), konsantman eklere, lòd Pa Resisite (DNR)—se chak pasyan ak fanmi yo ki dwe diskite chak kesyon sa yo apa nan kontèks sikonstans endividyèl yo. Fanmi yo ki diskite sa yo ta vle nan fen lavi yo—epi ki make li nan yon direktiv alavans—kapab pran desizyon ki difisil pi byen, si sa nesèsè.

ATout ospis yo gen omonye pou ede pasyan ak fanmi yo rezoud tout pwoblèm sa yo nan peryòd fen lavi a. Nan VITAS, chak ekip gen yon omonye yo seleksyone pou yo ki bay swen espesyal sa a.

Si moun ki malad la gen yon prèt, yon pastè, yon raben, yon imam owa lòt konseye espirityèl pwòch, omonye ospis lan pral kowopere avèk li, antanke lyezou ant moun ki malad la, fanmi an ak estaf ospis la. Pandan w ap seleksyone yon ospis epi w ap fè plan pou swen moun ki malad la, li enpòtan pou reflechi sou pwoblèm sa yo epi pou asire ou ospis ou chwazi an kapab satisfè bezwen ou pèsònèlman.

## Bagay ou ta dwe sonje

Èske nou konnen sa moun ki malad lan vle ak sa li bezwen konsènan oryantasyon ak sipò espirityèl, si sa nesèsè?

Ki tradisyon, koutim ak kwayans pasyan an ak fanmi li gendwa nesèsè pou konsidere?

Ki dilèm (etik) letik nou gendwa pral konfwontè?

Eske nou te diskite tout ipotèz ki posib yo ak kijan nou ka abòde yo?

## 4. Anviwònman ospis

Pifò moun pito resevwa swen ospis lakay yo—epi “lakay” yo se yon rezidans prive, yon kominote lavi otonòm oswa yon mezon retrèt. Men mande plis detay konsènan opsyon ou genyen yo: pale ak yon reprezantan ospis; tout ospis yo dwe ka bay swen nan tout kalite anviwònman. Anba la a w ap jwenn sa yo bay leplis ak ki kalite sèvis w ap jwenn nan chak.

### Rezidans prive

Menmsi founisè ospis yo ofri sèvis ospis lakay, li enpòtan pou konnen ke nan pifò sityasyon lè moun lan lakay li, yo nonmen yon manm fanmi oswa yon zanmi antanke moun responsab k ap bay swen epi li bay swen lè estaf ospis la pa la. Anjeneral, yo nonmen yon moun ki bay swen antanke responsab presipal, men anpil moun gendwa gen wòl sa a epi yo travay ann ekip; nès ospis gendwa fòme yo pou bay swen pratik epi pou pare yo pou jere nenpòt bagay ki enprevizib.

Souvan, grasa orè fleksib epi fason tout ekip la kolabore, fanmi yo kapab asire toujou gen yon moun ki avèk moun ki malad la. Epitou, founisè ospis ou ta dwe ofri sipò bakòp klinik 24è sou 24.

Si pasyan an abite pou kont li ak yon fason ki endepandan, san okenn èd anplis, mande founisè w ap konsidere yo si se yon pwoblèm ki ta ka fè li p ap resevwa swen ospis. VITAS angaje li pou swen tout pasyan ki apwopriye, menmsi pa gen okenn moun k ap swen pasyan an lakay li 24è sou 24.



### Kominote lavi otonòm ak mezon retrèt

Anpil mezon retrèt ak kominote lavi otonòm bay sèvis ospis. Yo gendwa gen estaf espesyalize nan swen enfimyè pou okipe rezidan yo k ap resevwa swen ospis oubyen yo gendwa gen yon patenarya avèk opis tankou VITAS pou bay rezidan ki pral mouri yo swen ospis. Si moun ki malad la se yon rezidan nan yon mezon retrèt, mande enfòmasyon osijè sèvis ospis. Si moun ki malad la pa kapab viv yon fason ki endepandan ankò, chèche wè si ou pa jwenn yon mezon retrèt ki ofri bonjan sèvis ospis.

### Espas ki rezève nan yon mezon ospis/etablisman/lopital

Sèten founisè opis gen “mezon ospis” endepandan kote moun ki pral mouri gendwa abite olye pou yo rete lakay yo. Sèten lopital gen pwogram ospis ki otorize pasyan ki apwopriye yo tranzisyon nan ospis san yo pa bezwen kite etablisman an. Sèten founisè ospis gen yon zòn apa nan yon etablisman swen sante alontèm, yon mezon retrèt oswa yon lopital kote yo bay swen pou pasyan entèn lè yo pa kapab jere sentòm yo lakay pasyan an.

Aranjman sa yo asire moun ki malad la gen aksè touswit nan sèvis sipò ak pwofesyonèl swen sante yo. Anjeneral, etablisman sa yo sanble kay ki fèt pou pasyan an ak fanmi li santi yo konfòtab, jan sa posib, nan yon anviwònman ki kalme ak estaf ki disponib 24è sou 24.

## Bagay ou ta dwe sonje

Ki pi bon kote moun ki malad la kapab resevwa swen nan fen lavi li?

Ki kote li ta renmen ye?

Si nou chwazi yon ospis lakay, kimoun ki pral responsab pou ba li swen?

Èske nou kapab asire moun ki malad la pral gen yon moun avèk li tout tan, si sa nesèsè?

Ki “ ekip swen ” nou kapab mete òganize?

## 5. Konsiderasyon fizik ak medikal

### Evalyasyon ak jesyon doule

Kontwòl doule a se youn nan objektif santral swen ospis. Lejislasyon federal ak L’ Eta, yo oblije founisè ospis yo fè tout jefò ki rezonab pou kontwole doule pasyan an. Si moun ki malad lan gen doule, oswa pa konfòtab, founisè ospis ou an ta dwe gen konpetans ak ekspètiz pou evalye ak soulaje oswa jere doule a yon fason ki efikas.

Li ta pibon si moun ki malad la kapab di limenm si li santi doule. Men lè pasyan yo pa kapab pale, ekip ospis ou ta dwe gen fòmasyon espesyalize pou evalye doule a grasa endis ki pa vèbal, ikonpri lè pasyan an fè grimas, ap tòdye, ap jemi epi plenyen, lè li ajite, lè li ajite ak sansib lè yo manyen li.

Doktè ospis ou an ki dwe fòme ak gen eksperyans nan domèn medsin payativ, pral etabli yon plan jesyon doule. Doktè a pral kòmande tout medikaman ak tretman ki nesèsè pou plan an. Moun k ap aby swen an ak estaf ospis

la, ikonpri nès yo, ap adminsitre tretman an epi siveye byen moun ki malad la. Tout moun ki nan ekip ospis la konsantre sou menm obektif la: fè moun ki malad la konfòtab tout tan.

Terapi pou doule gendwa entèfere ak kapasite moun ki malad la pou gen tout tèt li epi entèyaji avèk lòt moun yon fason ki fè sans. Lè etap sa a ap pwoche, ekip ospis ou an pral diskite avèk ou epi defini yon plan ki satisfè bezwen ou yo.

### Medikaman yo

Selon gravite eta sante moun ki malad lan, doktè ou an gendwa kòmanse swen doule an avèk medikaman san preskripsyon tankou acetaminophen (Tylenol), ibuprofen (Motrin), aspirin oswa lòt bagay toujou. Men nivo doule a ka ogmante jiskaskè medikaman sa yo pa gen okenn efè ankò. Yo konne itilize medikaman ki pi fò epi ki nakotik—yo itilize anmenmtan ak lòt medikaman oswa pou kont yo—pou soulaje doule moun ki pral mouri.

Li enpòtan pou moun ki malad la resevwa nonsèlman medikaman ki bon pou nivo doule li genyen an mentou pou li resevwa medikaman oswa terapi ki apwopriye pou eta sante li. Si li santi doule nan zo, gen yon tip medikaman ki gendwa itil, alòs ke si se doule nan vant akòz espasm, yon lòt kalite medikaman gendwa gen plis efè. Yo gendwa preskri terapi altènativ, tankou terapi radyasyon, anmenmtan ak medikaman. Chak pasyan epi chak sityasyon diferan. Doktè ospis ou ta dwe gen eksperyans ak tout aspè jesyon doule a.

### Nitrisyon

Li enpòtan pou jere nitrisyon moun ki malad la pou li kapab jwenn konfò ak yon bon kalite lavi. Yon ekip ospis ta dwe evalye bezwen moun ki malad la nan nitrisyon epi sijere repa ki redwi konstipasyon ansanm ak lòt sentòm. Pa sipri si yo ankouraje ou pare manje moun ki malad lan renmen—soup poul manman li oswa ti gato sikre monnonk Joe yo—poutèt pa gen anyen ki amelyore lapeti tankou manje moun renmen ki fè yo santi yo alèz.

Ekip ospis ou an kapab bay fòmasyon ak enfòmasyon ou bezwen pou pran desizyon difisil konsènan lafin lavi lè gen pwoblèm idratasyon ak nitrisyon ki gen pou wè ak enkapasite pou mache oswa pou vale. Ekip la kapab trankilize lespri ou lè yo esplike pwosesis natirèl yo tankou anvè manje ak bwè bese piti pou piti, lè moun lan pare pou mouri.

## Bagay ou ta dwe sonje

Ki bezwen moun ki malad la genyen konsènan doule ak konfò?

Èske li kapab pale pou kominike?

Èske ou konnen sa moun ki malad lan vle konsènan medikaman pou doule ak kapasite li pou li gen tout tèt li?

Èske nou konfòtab pou bay pasyan an medikaman kont doule ki pi fò tankou mòfin si yo ka kontwole doule li?

Èske fanmi k ap swen malad la konprann epi aksepte gendwa rive yon moman lè moun ki malad la ap

sispann manje?

## 6. Konsiderasyon pratik ak lojistik

Lefèt pou chwazi wen ospis se yon desizyon ki kapab emosyonèl epi ki gendwa mande pou fanmi ou chanje fason yo wè lavni moun ki malad lan. Mentou sa mande yon tranzisyon lojistik. Si moun ki malad la ap resevwa swen lakay li, ou gendwa mande: E si yon aksidan rive? Èske nou kapab rele doktè jeneralis ou an pou poze li kesyon? Èske kay nou se yon anviwònman ki san danje? Pandan moun ki malad la ap vin pi fèb oswa plis andikape, kijan n ap kapab swen li?

Founisè ospis ou ta dwe kapab diskite chak detay pratik osijè swen ospis yo. Ou ka pare pou gen nan men ou yon lis kesyon, ikonpri:

- Èske nou kapab kenbe menm doktè jeneralis moun ki malad li genyen si li ale nan ospis?
- Si nou bezwen prodwi oswa ekipman medikal espesyal, èske ospis la pral garanti yo? E pou medikaman yo?
- E si nou pa gen okenn fanmi ki kapab fizikman pou okipe moun ki malad la? E si nou pa kapab bay swen 24è sou 24 menmsi li bezwen sa?
- E si moun ki malad la bezwen pou yo leve li, pou deplase oswa pou benyen?
- Si moun ki malad lan toujou mobil, èske gen danje si li rete nan kay la?
- Èske moun ki malad la gen tèt li ase pou jere bagay tankou pare manje, achte manje epi pou okipe tèt li?
- Èske gen danje pou transpòte moun ki malad la nan machin lan?
- E si gen yon ijans nan mitan lannwit?
- Kimoun pou nou rele si nou wè yon chanjman?

### Bagay ou ta dwe sonje

Ki difikilte lojistik nou gendwa jwenn lè n ap swen pou moun ki malad la?

## 7. Aspè emosyonèl ospis la

Chak moun reyaji yon fason ki diferan lè yon moun renmen ap bese epi lè lanmò li ap rive byento. Moun k ap bay swen anjeneral eseye antisipe tout sa moun k ap mouri an vle, paske yo kwè si yo fè tout bagay byen, moun yo renmen an ap pi konfòtab epi l ap viv pi lontan. Pafwa gen moun ki bay swen ki santi bagay yo twòp pou yo epi yo vin epwize.

Ospis la bay divès sèvis pou fasilite eksperyans moun k ap bay swen yo:

- Ekip ospis la pral fòme fanmi an ak moun ki bay swen konsènan pibon fason pou swen moun ki malad la. Lè moun sispann eseye devine repons yo epi yo jwenn konesans, sa ba yo konfyans nan tèt yo ak soulajman.
- Ospis la founi asistan pou ede benyen, mete rad epi okipe ijyèn pèsònèl pasyan an, epi fè yon ti menaj tou.
- Ospis la fòme volontè ki soti ann kominote a ki kapab kanmarad epi sipòte moun ki malad la. Volontè yo kapab li, rakonte souvni, jwe jwèt oswa tou senpman ‘rete la a’. Epi tou, volontè yo ranplase moun k ap bay pasyan an swen pou yo kapab pran souf.
- Ekip ospis la ofri sipò emosyonèl pou ede fanmi an jere deklèn ak lanmò moun lan k ap rive byento, akòz santiman abandon, kòlè, tristès ansanm ak lòt emosyon ki gendwa vini anmenmtan ak sansasyon pèt la.
- Jan nou te dekri li anlè a, ospis la ofri sipò espirityèl. Fanmi ou gendwa jwenn rekonfò lè yo pale avèk yon konsèyè espirityèl osijè kesyon lavi, lanmò ak pèt yon moun.
- Ospis la gendwa ede ou jwenn enfòmasyon epi fè aranjman pou direktiv alavans yo, kesyon finansyè tankou peye pou antèman oswa pou yon sèvis relijye, jere validasyon testaman an, elatriye.
- Ospis la pral sipòte fanmi ou pandan pwosesis dèy la. VITAS bay enfòmasyon, edikasyon ak resous pandan tout ane an, ikonpri:
  - Lèt sipò trimstriyèl, bilten nouvèl ak dokiman edikatif pou dèy
  - Gwoup sipò pou dèy estaf pwofesyonèl VITAS ap òganize
  - Sèvis finerè
  - Koutfil ak vizit sipò pou dèy pwofesyonèl ak volontè yo fè
  - Referans nan resous kominotè: terapris pou dèy, gwoup sipò, sèvis jiridik, elatriye

## Kisa ospis ye—ak sa ospis pa ye

Prèske mwaye nan popilasyon Etazini ap konfwonte ak lanmò yon zanmi, yon fanmi oswa yon kolèg. Chak kilti gen pwòp kwayans li yo osijè maladi mòtèl ak pwosesis lanmò. Ann konsidere sèten lide ki fo anpil moun genyen osijè swen ospis.

Lide ki fo nimewo 1: Ospis se yon kote.

Lareyalite: Ospis se pa yon kote. Se tretman doule fizik ak emosyonèl ansanm ak sentòm ki parèt vè fen lavi yon

moun. Yon sondaj Gallup revele ke 90 pousan adilt yo, si yo te gen lechwa, ta pito mouri lakay yo, san doulè, antoure ak fanmi epi moun yo renmen.<sup>3</sup> Ospis oblije respekte volonte sa a.

### Lide ki fo nimewo 2: Ospis vle di “sispann goumen.”

Lareyalite: Ospis pa vle di moun sispann goumen. Lè tretman medikal yo pa kapab geri yon maladi, yon ekip entèdisiplinè ki gen divès pwofesyonèl ospis kapab fè anpil bagay pou kontwole doulè a, redwi anksyete epi bay pasyan ak fanmi yo rekonfò medikal, espiyèl ak emosyonèl. Objektif la se pou amelyore kalite lavi pasyan yo ak moun ki pwòch yo anmenmtan y ap ogmante konfò, redwi laperèz ansanm ak chaj finansyèl lè yon moun gen yon maladi ki pa gen remèd.

### Lide ki fo nimewo 3: Ospis se pou pasyan ki gen kansè.

Lareyalite: Ospis bay pasyan adilt ak pedyatrik swen pou anpil maladi ki redui dire lavi, ikonpri men ki pa limite ak kansè, maladi kè, aksidan kadyo-vaskilè, maladi poumon, maladi fwa, maladi ren, esklewòz an plak, ALS, Alzheimer, Parkinson ak SIDA.

### Lide ki fo nimewo 4: Ospis se kote moun rete bò kabann pasyan ki pral mouri yo pou kenbe men yo sèlman.

Lareyalite: Men ospis fè anpil, anpil bagay. Ospis se swen ki payatif, li pa bay swen kiratif ankò. Etid yo montre ospis gendwa pwolonje lavi pandan jiska 1 mwa, poutèt doulè ki agresif ak jesyon sentòm yo ka redwi malèz ak estrès epi amelyore kalite lavi a.

### Lide ki fo nimewo 5: Swen ospis koute chè.

Lareyalite: Konpare ak re-admisyon miltip epi swen lopital ki konplèks ak entansif vè lafen lavi, swen ospis ekonomize lajan swen sante. <sup>4</sup> Benefis Ospis Medicare lan garanti tout bagay—li garanti 100 pousan depans swen ospis, ikonpri medikaman ak ekipman medikal ki gen pou wè ak dyagnostik final ki di pasyan an pral mouri. Pa gen okenn dediktib; pa gen okenn depans lajan kach pou pasyan oswa moun ki pwòch yo. Fanmi yo pa bezwen depanse tout lajan yo pou vin pòv pou yo kapab kalifye pou pwoteksyon ospis. Nan pifò Eta yo, Medicaid/MediCal bay pwoteksyon ospis. Pifò plan asirans prive gen ladann yon benefis ospis tou.

## Men lòt fè reyèl ki gen pou wè ak ospis

- Swen ospis pou plis pase 1.58 million Ameriken, anssanm ak fanmi yo, chak ane—yon chif k ap kontinye ogmante.<sup>2</sup>
- Pou lane 2010, Òganizasyon Nasyonal pou Ospis ak Swen Payatif (National Hospice and Palliative Care Organization - NHPCO) estime sou yon total de anviwon 2,452,000 desè Ozetazini, 1,029,000 desè, oswa 41.9 pousan ladan yo, te rive lè pasyan an t ap resevwa swen yon pwogram ospis.<sup>2,5</sup>
- Pi bon swen ospis yo pran tan. Ospis pote plis benefis pou moun ki gen anviwon sis (6) mwa ki rete yo. Yon pasyan ki nan faz final lavi li gendwa resevwa swen ospis pou tout tan sa nesèsè, depi yon doktè sètifye pasyan kontinye satisfè kritè pou li elijib.
- Li fasil pou tranzisyon nan ospis. Pasyan an oswa yon pwòch mande doktè pasyan an pou yon referans oswa li kontakte yon pwogram ospis lokal pou yon evalyasyon ospis. Si pasyan an apwopriye klinikman, yo kapab admèt li an 24èdtan maksimòm.
- Rechèch NHPCO a montre 94 pousan nan fanmi yo ki te gen yon pwòch ki te resevwa swen ospis te konsidere swen yo te trè bon oswa ekselan. Nòt satisfaksyon pasyan yo ak VITAS pou 2011 te rive 96 pousan.<sup>6</sup>
- Fondasyon Nasyonal pou Ospis la te dekouvri ke kat (4) priyorite rezidan Ozetazini yo ta vle pou yon pwòch ki gen mwens ke sis (6) mwa ki rete li se:
  - Pou yo respekte volonte pasyan an
  - Pou kapab gen yon chwa nan tip sèvis pasyan an kapab resevwa
  - Pou kontwòl doule a adapte selon volonte pasyan an
  - Pou yo bay pasyan ak fanmi a sipò emosyonèl

## Teste konesans ou yo konsènan ospis

Vre oswa pa vre?

1. Ospis ede moun ki gen maladi mòtèl mouri pi vit.
2. Ospis se yon kote li ye.
3. Ospis se yon dènye rekou lè yo pa kapab fè anyen ankò pou pasyan an.
4. Ospis amelyore kalite lavi yon pasyan ki nan lafen lavi li.
5. Ospis se yon tip terapi.
6. Ospis prefere yon pwosesis lanmò ki “natirèl”, sa ki vle di pa gen okenn medikaman ni tretman ki otorize.
7. Ou ka kenbe pwòp doktè ou an lè yo admèt ou nan ospis.
8. Depi yon moun antre nan ospis, pwòch li pa kapab patisipe nan swen li ankò.
9. Ou ka tann kèk jou anvan ou mouri anvan ou bezwen ospis vreman.
10. Ospis se pou pasyan ki gen kansè.
11. Ou dwe relijye pou ale nan ospis oswa pou resevwa swen ospis.
12. Yo dwe pwoteje fanmi yo epi separe yo de yon pasyan k ap mouri.
13. Swen ospis koute chè.
14. Ospis gen yon ekip ki espesyalize nan plizyè domèn ki pral okipe bezwen klinik, espirityèl ak sikososal yon moun ki pral mouri ak fanmi li.

## Repons:

1. Ospis ede moun ki gen maladi mòtèl mouri pi vit. Pa vre. Nan lareyalite, se lekonntrè ki rive. Larechèch ki pibliye nan Journal pou Jesyon Doule ak Sentòm te dekouvri ke benefisyè Medicare ki te chwazi swen ospis te viv anmwayèn 29 jou piplis pase pasyan similè ki pa t resevwa avantaj swen ospis (J Pain Symptom Manage. 2007;33(3):238-246).
2. Ospis se yon kote. Pa vre. Se youn nan lide ki fo anpil moun genyen konsènan ospis. Yo bay swen ospis anjeneral lakay moun lan, nen yon rezidans prive, yon mezon retrèt oswa nan yon kominote pou lavi otonòm (assisted living). Sèten lopital gen kabann ospis. Gen ospis endepandan nan sèten kominote. Sepandan, pifò moun pito pase dènye jou ki rete yo lakay yo.
3. Ospis se yon dènye rekou lè yo pa kapab fè anyen ankò pou pasyan an. Pa vre. Lè tretman medikal yo pa kapab geri yon maladi ankò, pwofesyonèl ospis yo kapab fè anpil bagay pou kontwole doule a, redui anksyete, ofri sipò espirityèl ak emosyonèl epi amelyore kalite lavi pou moun ki pral mouri yo ak fanmi yo.

4. Ospis amelyore kalite lavi yon pasyan ki nan lafen lavi li. Se vre. Menmsi objektif ospis la se pa pou pwolonje lavi yon moun, ospis la amelyore kalite lavi yon moun ki gen kèk mwa, semèn oswa jou ki rete li.
5. Ospis se yon tip terapi li ye. Se vre. Ospis se yon tip terapi medikal ki ka pi apwopriye pase pwosedi kirativ pou moun ki gen maladi ki pa ka geri. Ospis la konsantre sou jesyon sentòm, kontwòl doulè a ak pou bay rekoufò espirityèl, emosyonèl ak sikolojik.
6. Ospis prefere yon pwosesis lanmò ki “natirèl”, sa ki vle di pa gen okenn medikaman ni tretman ki otorize. Pa vre. Ospis pran avantaj nan dènye medikaman ki fèk soti sou lemache pou soulaje doulè a ak sentòm yo epi pou kenbe pasyan an alèz.
7. Ou ka kenbe pwòp doktè ou an lè yo admèt ou nan ospis. Se vre. Doktè ou an gendwa chwazi patispe nan ekip swen ou an. Doktè ospis ou an pral travay tèt ansanm avèk doktè ou pou kreye plan swen an.
8. Depi yon moun antre nan ospis, pwòch li pa kapab patisipe nan swen li ankò. Pa vre. Pwofesyonèl ospis yo kreye yon plan swen fanmi ak zanmi gendwa ede mete anplas lakay la, si yo vle epi si yo kapab fè l.
9. Ou ka tann kèk jou anvan ou mouri anvan ou bezwen ospis vreman. Pa vre. Li ta pibon si fanmi yo te ka chwazi ospis lè pasyan an gen sis (6) ki rete li. Sa pral ba li plis tan pou rete konfòtab ak san doulè, pou li kontinye apresye prezans fanmi ak zanmi li yo, jwenn tan pou mete zafè li nan lòd, elatriye.
10. Ospis se pou pasyan ki gen kansè. Pa vre. Ospis se pou moun ki gen nenpòt maladi mòtèl. Anpil pasyan nan ospis gen kansè, men pasyan ki resevwa swen ospis gendwa gen maladi kè, aksidan serebwo-vaskilè, maladi nan fwa oswa nan ren, ALS, maladi Alzheimer, esklewòz an plak, SIDA oswa nenpòt lòt maladi mòtèl.
11. Ou dwe relijye pou ale nan ospis oswa pou resevwa swen ospis. Pa vre. Ospis se pa sèvis ki gen pou wè ak larelijyon. Ospis ofri omonye ki gen tout relijyon ansanm ak lòt konseye espirityèl. Yo respekte tout kilti ak pwendvi. Anpil moun pè mouri, epi lè yo diskite emosyon yo, yo santi yon soulajman.
12. Yo dwe pwoteje fanmi yo epi separe yo de yon pasyan k ap mouri. Pa vre. Pwofesyonèl ospis yo panse lè manm fanmi—ikonpri timoun—konfwonte ak pwosesis lanmò nan yon anviwònman ki byenveyan, sa ede konpanse pè yo genyen konsènan pwòp mòtalite yo ak pèt pasyan yo renmen an.
13. Swen ospis koute chè. Pa vre. Swen ospis anjeneral mwen chè pase swen tradisyonèl pandan sis (6) dènye mwa lavi a. Ospis se yon benefis ki gen ladann tout sèvis epi Medicare, Medicaid ak pifò konpayi asirans prive yo garanti. Anba Medicare ak Medicaid, pa gen okenn ko-peman pou vizit kay doktè, swen enfimyè, medikaman, ekipman ospis oswa produi medikal ki gen pou wè ak maladi prensipal yon pasyan.
14. Ospis gen yon ekip ki espesyalize nan plizyè domèn ki pral okipe bezwen klinik, espirityèl ak sikososyal moun ki malad lan ak fanmi li. Se vre. Yon ekip ki espesyalize nan plizyè domèn gen ladann yon doktè, yon nès, asistan,



yon asistan sosyal, yon omye, yon volontè ansanm ak lòt espesyalis ki kolabore pou jere doulè pasyan an ansanm ak lòt sentòm ki gen pou wè ak maladi mòtèl la epi pou okipe bezwen emosyonèl ak espirityèl moun ki malad lan oswa fanmi li.

## Lis sijè diskisyon yo

Nou tout nan VITAS nou espere enfòmasyon sa yo te ede ou konprann pibyen sa ospis ye epi ke li te ede tout fanmi an pran desizyon ki pral benefisye pasyan an pandan l ap pwoche fen lavi li. Men yon lis demach ki ta dwe fèt anvan pou ale nan pwochen etap la:

- Pasyan an te pale avèk nou oswa li te ekri nou osijè swen li vle resevwa lè pa gen anpil tan ki rete li.
- Si gen yon testaman biyolojik/direktiv alavans, nou deja egzamine sa ki make ladann.
- Nou konnen kimoun nan fanmi ak ki pral rele ospis nou chwazi an oswa ki pral mande doktè nou an pou yon referans.
- Nou konnen kimoun ki nonmen pou pran desizyon si pasyan an pa kapab kominike aloral.
- Nou konprann tout nivo swen ospis ki genyen yo epi nou kòmanse gen yon lide sou tip resous ospis la pral bay.
- Nou te konsidere bezwen espirityèl pasyan an ak fanmi nou an.
- Pasyan an deside nan ki anviwònman li pra resevwa swen ospis.
- Si l ap rete lakay li, nou konnen kimoun ki pral responsab pou ba li swen.
- Nou te diskite avèk pasyan an oswa nou ekri enstriksyon pou oryante estaf ospis la konsènan volonte pasyan an pou jesyon doulè li.
- Nou te pare yon lis kesyon pratik ak lojistik pou ekip ospis la.
- Nou konnen se yon moman difisil pou fanmi nou men nou konprann gen sipò emosyonèl ki disponib.
- Nou chèche enfòmasyon yo epi nou konnen kijan yo pral peye pou ospis.

## Si ou vle plis enfòmasyon

Si oupanse swen ospis ta bon pou ou oswa pou pasyan an, pale avèk doktè ou an. VITAS kapab fè yon evalyasyon gratis, san obligasyon, epi analize opsyon swen yo pandan yon maladi ki mòtèl. Rele 800.723.3233.

Si li poko lè pou konsidere swen ospis, ou gen enfòmasyon ou bezwen pou pran yon bon desizyon lè moman an rive. Pandan sa, si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon osijè swen ospis yo, tanpri al gade nan VITAS.com oswa nan NHPCO.org.

Epitou, gen yon gwo kantite enfòmasyon ak fòm jiridik ki bon pou chak Eta ki disponib sou Entènèt pou fasilite diskisyon fanmi a. Eseye:

[caringinfo.org](http://caringinfo.org)  
[agingwithdignity.org](http://agingwithdignity.org)  
[familydoctor.org](http://familydoctor.org)  
[mayoclinic.com](http://mayoclinic.com)  
[putitinwriting.org](http://putitinwriting.org)

## Referans yo

<sup>1</sup>Connor SR, Pyenson B, Fitch K, Spence C, Iwasaki K. “Konparezon ant sirvi pasyan ki nan ospis ak pasyan ki pa nan ospis pami pasyan ki mouri sou yon peryòd 3zan.” *J Doulè Sentòm Jere*. 2007 Mar;33(3):238-46.

<sup>2</sup>2010, Seri Done Nasyonal NHPCO epi/oswa Baz done Manm NHPCO.

<sup>3</sup>Òganizasyon Ospis Nasyonal (National Hospice Organization)—sondaj Gallup kòmande, 1992.

<sup>4</sup>Stanton MW. “Konsantrasyon Elve Depans Swen Sante Ozetazini (The High Concentration of U.S. Health Care Expenditures)” *Research in Action*, Nimewo 19. AHRQ Piblikasyon Nimewo 06- 0060, mwa jen 2006. Agency for Healthcare Research and Quality, Rockville, MD. Wèb. <http://www.ahrq.gov/research/ria19/ependria>.

<sup>5</sup>Previzyonèl pou chak mwa ak pou 12 mwa maksimòm kantite nesans tibebe ki vivan, desè, ak desè timoun epi pousantaj yo: Etazini, janvyè 2009— Done vizyonèl ki soti nan Sistèm Estatistik Nasyon sou Popilasyon an (National Vital Statistics System), Sant Nasyonal pou Estatistik Lasante (National Center for Health Statistics), CDC, disponib nan: [http://www.cdc.gov/nchs/data/dvs/provisional\\_tables/Provisional\\_Table01\\_2010Dec.pdf](http://www.cdc.gov/nchs/data/dvs/provisional_tables/Provisional_Table01_2010Dec.pdf).

<sup>6</sup>Done yo anrejistre nan dosye ki nan VITAS.